

Plus One | Serious Revision

ChiShona



Grade
7



Plus One | Serious Revision

ChiShona

Bhuku redzokororo
Rine mhinduro

Grade
7

 **SECONDARY
BOOK PRESS**

Anchors of the schools curricula

Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

PlusOne ChiShona | Grade 7 – Bhuku redzokororo (Rine mhinduro)

ISBN: 978-1-77932-294-4

First Published in 2026

Copyright @ Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Reggie Chapwanya

Design and text layout: Patricia N Munemo

Illustrations: Sourced

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Chitsauko 1: Zvinotarisirwa pabvunzo

dzeruGwaro rweChinomwe 1

Chiitwa 1: 7

Chitsauko 2: Kuumbwa kwemutauro 11

1. Tsumo 11
2. Madimikira 15
3. Nyaudzosingwi 19
4. Zvimiso nezviperego 22
5. Fananidzo 27
6. Zvirahwe 29
7. Zviito 31
8. Mazwi anoreva zvakasiyana, zvakafanana
uye anopikisana 35
9. Mazita 39
10. Ushoma neuzhinji 44
11. Tsika dzedu 48

Chiitwa 2: 56

Chitsauko 3: Mazano pakunyora

rondedzero 59

1. Rondedzero yenhoroondo 59
2. Rondedzero yetsanangudzo 60
3. Rondedzero yetsumo 61
4. Rondedzero yemhan'arwa 62
5. Rondedzero yehurukuro 63
6. Rondedzero yenheteumbo 65
7. Rondedzero yemifananidzo 66
8. Rondedzero yenhaurwa 67
9. Rondedzero yetsamba kuhama kana
kushamwari 69
10. Rondedzero yetsamba yebasa 70

Chiitwa 3: 72

Chitsauko 4: Nzwisiso nepfupiso 75

- A. Kupindura mibvunzo yenzwisiso 77
- B. Nzwisiso yehurukuro 78
- C. Nzwisiso yetsamba kuhama kana
kushamwari 79
- D. Nzwisiso yenheteumbo 80
- E. Nzwisiso yetsamba yebasa 82
- F. Nzwisiso yegirafu 83
- G. Nzwisiso yetafura 84
- H. Nzwisiso yemhan'arwa 86

Pfupiso 87

Chiitwa 4: 93

BVUNZO DZECHISHONA

- Bvunzo 1:**
 - Pepa 1 97
 - Pepa 2 105
- Bvunzo 2:**
 - Pepa 1 107
 - Pepa 2 113
- Bvunzo 3**
 - Pepa 1 115
 - Pepa 2 121
- Bvunzo 4**
 - Pepa 1 123
 - Pepa 2 130
- Bvunzo 5**
 - Pepa 1 132
 - Pepa 2 138
- Bvunzo 6**
 - Pepa 1 140
 - Pepa 2 146
- Bvunzo 7**
 - Pepa 1 148
 - Pepa 2 154
- Bvunzo 8**
 - Pepa 1 156
 - Pepa 2 162
- Bvunzo 9**
 - Pepa 1 164
 - Pepa 2 170
- Bvunzo 10**
 - Pepa 1 172
 - Pepa 2 178

Bvunzo 11	Pepa 1	180
	Pepa 2	186
Bvunzo 12	Pepa 1	188
	Pepa 2	195
Bvunzo 13	Pepa 1	197
	Pepa 2	203
Bvunzo 14	Pepa 1	205
	Pepa 2	212

Bvunzo 15	Pepa 1	215
	Pepa 2	220

Mhinduro

Chitsauko 2	223
Chitsauko 4	235

Mhinduro dzebunzo Pepa 1	238
---------------------------------------	------------

Mhinduro dzebunzo Pepa 2	240
---------------------------------------	------------

Nhanganyaya

Bhuku rino rinobatsira vadzidzi nekuvadzidzisa zvinotarisirwa pabvunzo dzeRugwaro rweChinomwe dzeZIMSEC. Rinobudisa pachena mhosho dzinonyanyoitwa nevadzidzi dzinokonzera kuti vasabudirira pabvunzo dzavo nezvingaitwe kupedza dambudziko iri. Rinopa vadzidzi ruzivo neunyanzvi hwekunyora rondedzero dzemhando dzakasiyana-siyana nemapindurirwo enzwisiso nepfupiso. Rinopa vadzidzi unyanzvi hwekupindura mibvunzo yemutauro. Mubhuku irori vadzidzi vanowana bvunzo sedzeZIMSEC pamwe nekupa mhinduro. Zvose izvi zvinoitwa sezvakatarwa neBumbiro reChiShona.

Bvunzo dzeZIMSEC dzamuchanyora kupera kwegore dzichange dzine mapepa maviri anoti bepa rekutanga nebepa rechipiri.

Bepa rekutanga (Paper 1)

Bepa iri richanyorwa munguva inoita awa imwe chete nemaminitsi makumi matatu. Chekutanga unofanira kuverenga mirairo inenge iri pabepa iri usati watanga kunyora.

Bepa iri richange rine mibvunzo makumi mana ine mhinduro dzinosarudzwa. Mubvunzo wega wega unenge une mhinduro ina dzinoti A, B, C neD. Kana wasarudza mhinduro yakakodzera unokwizira muchibhokisi chakanangana nevara rawasarudza uchishandisa penzera sezviri pamufananidzo wemapinduriro uripo pabepa. Mubepa iri munenge mune ndima dzenzwisiso nhatu nemibvunzo yenzwisiso inogona kusvika misere kana mipfumbamwe panzwisiso imwe neimwe. Verenga nzwisiso kaviri kana katatu usati wapindura mibvunzo. Paunenge wave kupindura mibvunzo yenzwisiso unokurudzirwa kudzokerazve kundima yenzwisiso wozotsvika mhinduro. Zvino chisarudza mhinduro yakakodzera pane dzakapiwa. Kwizira muchibhokisi chakanangana nevara rawasarudza pabepa rekupindurira mibvunzo.

Bepa iri rine mibvunzo yemutauro. Mutauro unosanganisira tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo, mazita, zviito, mazwi anoreva zvakafanana, mazwi anoreva zvinopikisana, zvinongedzo, zvimiso nezvimwe. Unokurudzirwa kunyatsoverenga mubvunzo kuti unzwisisa zvaunenge wabvunzwa usati wapindura. Nhamba imwe inofanira kuve nemhinduro imwe chete. Kana wapedza kupa mhinduro, dzokorora basa rako kana pachiri nenguva. Ona kuti mhinduro dzawakwizira dzinosvika makumi mana. Enderana nenguva kwete kuzotadza kupedza bvunzo. Usarivara.

Bepa rechipiri (Rondedzero nenzwisiso)

Bepa iri rinonyorwa munguva dzinoita awa rimwe chete nemaminitsi makumi mana nemashanu. Unokurudzirwa kuti uverenge mirairo iri pabepa remibvunzo usati wanyora. Bepa iri rine zvikamu zviviri zvinoti Chikamu chekutanga neChikamu chechipiri.

Chikamu chekutanga (Rondedzero)

Rondedzero yaunenge wasarudza ine mamakisi makumi maviri. Panenge pane rondedzero shanu iwe wosarudza imwe chete. Unokurudzirwa kuverenga misoro yese yerondedzero dzawakapiwa wozosarudza musoro mumwe chete waunoona kuti unounzwisisa uye une zvekunyora zvakati wandei pamusoro pawo. Rondedzero dzose dzinotarisirwa kuva nemazwi anosvika zana nemakumi maviri. Pakunyora, usakanganwe kunyora nhamba yemubvunzo wawasarudza werondedzero, hurukuro, tsamba, mhan'arwa kana nhaurwa.

Kana uchinyora chikamu ichi, ngwarira kusaita mhosho huru nemhosho diki zvinozoita kuti usabudirira pabvunzo yako.

1 Mhosho huru

Mhosho huru dzinosanganisira zviperengo. Paunonyora, ona kuti uri kunyora zviperengo zvakanaka kwete kuita seizvi:

- a stamba uchida kuti **tsamba**.
- b manangwani pachinhambo **chemangwanani**.
- c rodzendero uchifanira kuti **rondedzero**.
- d stika uchida kuti **tsika**.
- e stvaka pachinhambo chokuti **tsvaka**.

Batanidzo nepatsanuro yemazwi ndeimwe mhosho huru inoda kuchenjererwa. Mazwi anofanira kubatanidzwa kana kupatsanurwa sematauriro atinoita, semuenzaniso:

- a wainge **kwete** wa inge.
- b chipatapata **kwete** chipata pata.
- c mumwe chete **kwete** kuti mumwechete.
- d rimwe zuva **kwete** rimwezuva.
- e tsvarakadenga **kwete** tsvara kadenga.

Mazwi akaita sezviito nemamwe mazita anogona kushandisa kamutsetse pakati pawo (chisungazwi). Mazwi aya anonyorwa seizvi:

- a mangwanani-ngwanani **kwete** mangwananingwanani
- b akasiyana-siyana **kwete** akasiyana siyana
- c murefu-refu **kwete** murefurefu

Panyaudzosingwi dzakadzokororwa hapaiswi kamutaro aka semuenzaniso:

- a kota kota **kwete** kota-kota
- b pidigu pidigu **kwete** pidigu-pidigu
- c nyeu nyeu **kwete** nyeu-nyeu
- d vare vare **kwete** vare-vare
- e piti piti **kwete** piti-piti

- f** ndoo **kwete** ndo-o
- g** zii **kwete** zi-i
- h** wekee **kwete** weke-e

Imwe mhosho huru murondedzero ndeyekunyora mitsetse yakarebesa, sokuti:

Wainge uri musi weChina apo ndakafumobata jongwe muromo ndakananga kwambuya uko kwandakasvikowana mbuya vakagara parupasa vachinwa putugadzike nechingwa.

Unofanira kuti: *Wainge uri musi weChina apo ndakafumobata jongwe muromo ndakananga kwambuya. Ndakasvikowana mbuya vakagara parupasa. Vainge vachinwa putugadzike nechingwa.*

Mitsetse haifaniri kurebesa. Ita kuti zvirevo zvako zvive zvipfupi.

Mazwi erondedzero anofanira kudarika zana nemakumi maviri (120). Mazwi ose ari pasi pezana anoita kuti uwane zvibodzwa zvisihoma.

Imwe mhosho huru kushandisa mazwi paasingakodzeri. Kushandisa tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, enzaniso nefananidzo pazvisingakodzeri ndeimwe mhosho huru, sokuti:

- a** *Akati mhaa kusvika pamba. Unofanira kuti: Akati pfacha kusvika pamba.*
- b** *Mukomana uyu ave hari yofanzirofa. Unoti: Mukomana uyu anotemwa dzinobva ropa.*
- c** *Mwana uyu akabudirira zvikuru zvinoratidza kuti seri kweguva hakuna muteuro. Tinoti: Mwana uyu akabudirira zvikuru zvinoratidza kuti apunyaira haashaye misodzi.*
- d** *Ane hanganwa sedzegwai. Unofanira kuti: Ane hanganwa sedzegunguwo.*
- e** *Anomhanya kunge twiza. Unoti: Anomhanya kunge tsuro.*

Imwe mhosho huru kushandisa mazwi ezviratidzanguva zvisizvo, sokuti:

- a** *Baba vaenda kubasa nezuro. Unofanira kuti: Baba vakaenda kubasa nezuro.*
- b** *Mangwana ndadya sadza nenyama. Tinofanira kuti: Mangwana ndichadya sadza nenyama.*
- c** *Izvozvi ndakafamba rwendo. Unoti: Izvozvi ndiri kufamba rwendo.*
- d** *Gore rakapera ndiri kudzidza kunyora rondedzero zvakanaka. Unoti: Gore rakapera ndakadzidza kunyora rondedzero zvakanaka.*
- e** *Nhasi ndakarumwa nenyoka. Unofanira kuti: Nhasi ndarumwa nenyoka.*

Imhosho huru kutadza kunyora chiperengo patsumo, madimikira uye zvirungamutauro.

Imwe mhosho huru kushandisa mutauro zvisingakodzeri, semuenzaniso:

- a** *Miti idzi. Pane kuti: Miti iyi.*
- b** *Mandiro pachinhambo chekuti ndiro.*
- c** *Idzi michero pane kuti, iyi michero.*
- d** *Baba uyo panzvimbo pekuti baba avo.*
- e** *Dzimisha pane kuti misha.*

Imhosho huru kutangisa chirevo nezvibatanidzi sokuti, *asi, sokuti, ndokubva* nasaizvozvo. Mazwi aya anoshandiswa pakati pechirevo. Anogona kutanga chirevo muhurukuro chete.

Imwe mhosho huru kunyora chirevo wotadza kuisa zvimiso pazvakakodzera, semuenzaniso:

- a *Ndakanga ndichienda kuGweru, unofanira kuti: Ndakanga ndichienda kuGweru.*
- b *Unofara here. Unonyora seizvi: Unofara here?*
- c *Ndakatenga tsvigiri upfu masamba mazai nechingwa. Unonyora seizvi: Ndakatenga tsvigiri, upfu, masamba, mazai nechingwa.*

Kushandisa mavara makuru kana madiki pasipo imhosho huru, semuenzaniso:

- a *Mukuru wechikoro chedu ndivamutasa. Unoti: Mukuru wechikoro chedu ndiVaMutasa.*
- b *Ainge abva kubotswana. Unoti: Ainge abva kuBotswana.*
- c *Wainge uri Musi weMugovera. Unonyora seizvi: Wainge uri musu weMugovera.*
- d *Sekuru vake vanoera moyo dhewa. Unoti: Sekuru vake vanoera Moyo Dhewa.*

Kunyora mitsetse isina painotangira kana kugumira imhosho huru. Kunyora mazwi asingaverengeki imhosho huru, sokuti:

vzxfndga, dankxvb nemamwe.

Kurasika musoro kana kunyora zvinopesana nemusoro imhosho huru. Mhosho dzese idzi dzinenge dzichibvisirwa zvibodzwa saka ngatingwarire tirege kuita mhosho dzakawanda kuti tisabvisirwa zvibodzwa zvizhinji.

Kune mhosho dzemipanda, marongerwo epfungwa sokuti kudarika mitsetse miviri patsamba, rondedzero kana hurukuro tichifanirwa kusiya umwe uye dzesungawirirano sokuti, musu **wa**Muvhuro tinoti musu **we**Muvhuro.

2 Mhosho diki

Mhosho idzi dzinosanganisira kushandisa rurimi rwechitorwa, sokuti:

- a *Takanwa madhiringi. Unofanira kuti: Takanwa zvinwiwa.*
- b *Takadya mapotatoes. Unoti: Takadya mbatatisi kana kuti magwiri.*
- c *Ndakapfeka tirauzi. Tinoti: Ndakapfeka mudhebhe.*
- d *Ndakadya masweets. Tinofanira kuti: Takadya zvihwitsi.*
- e *Takaenda kugadheni. Tinofanira kuti: Takaenda kubindu.*
- f *Taitamba bhora kugiraundi. Tinofanira kuti: Taitamba bhora kunhandare.*

Mavara anomirira mazwi anoshandiswa murondedzero kana tatsanangura zvaanoreva sokuti:

- a Grain Marketing Board (GMB) unoti dura rezvirimwa.
- b Cotton Marketing Board (CMB) unoti dura redonje.
- c Members of Parliament (MP) unoti nhengo yeparamende.

Unokwanisa kuti: Ndakakwira dutavanhu rinonzi Zimbabwe United Passenger Company (ZUPCO) asi pese pawave kuzonyora zita wave kuti ZUPCO.

Mashoko emutauro wechimanjemanje haabvumirwi murondedzero, sokuti:

- a** *Ndeipi unoti mhoroi.*
- b** *Akalewa unoti akadhakwa.*
- c** *Ndakashamula unoti ndakaenda.*
- d** *Akakita unoti akafa.*
- e** *Ndakakushita unofanira kuti ndakavata.*

Asi kana uchinyora kero (address), zuva (date) zvinotenderwa kunyora manhamba.

Kunyora manhamba murondedzero imhosho sokuti:

- a** *Taive tiri 10. Unofanira kuti: Taive tiri gumi.*
- b** *Pamusha pedu pane mombe 35. Unoti: Pamusha pedu pane mombe makumi matatu neshanu.*
- c** *Takawana masaga 18 enzungu. Unoti: Takawana masaga gumi nemasere enzungu.*
- d** *VaMurefu vane makwai 100. Unoti: VaMurefu vane makwai zana.*
- e** *Gore rino takawa na mabhero 80 edonje. Unoti: Gore rino takawana mabhero makumi masere edonje.*

Mhosho huru nediki dzikawandisa murondedzero dzinoita kuti mamakisi abviswe mazhinji zvokonjera kukonewa.

Zvakakosha kuti udzokorore basa rako, kana nguva ichiri kutendera, uchigadzirisa mhosho dzaunenge waita. Unofanira kudzokorora basa rako kana uchinge wapedza zvese zviri muChikamu chekutanga nechechipiri.

Chikamu chechipiri – Nzwisiso nepfupiso

Nzwisiso ine zvibodzwa **zvishanu** uye Pfupiso ine zvibodzwa **zvishanu**. Kana wasvika pachikamu ichi, verenga ndima iripo kaviri kana katatu. Kana wave kupindura mibvunzo yenzwisiso unokurudzirwa kudzokera zvekare kundima yenzwisiso wotsvika mhinduro yakakodzera. Kana wave kupindura mibvunzo yenzwisiso unokurudzirwa kunyora chirevo chakazara kwete kunyora mhinduro yega. Unofanira kutanga chirevo nevara guru wopedzisira nechimiso.

Panodomwa zvinhu zvakanwanda usakanganwa kuisa chifemo, sokuti:

- a** Aifamba naamai, vatete, ambuya namainini.
- b** Baba vakatora tsvimbo, nhava, uta nemuseve.
- c** Akadya chibage, manhanga, ipwa uye nzungu.
- d** Kumba kwedu tine chivhitivhiti, dzimudzangara, kombiyuta nenharembozha.
- e** Shamwari dzake dzaiti Rudo, Chipu, Mufaro uye Tendai.

Hatipinduri mubvunzo wenzwisiso nechirungamutauro kunze kwekunge chakabvunzwa. Kana mundima makanzi pakupedzisira, Vimbai aiva neruoko.

Nzwisiso ikati itsika ipi yakaipa yayitwa naVimbai, tinoti Vimbai aiba. Hatitenderwi kuti aiva neruoko. Asi zvikanzi tipe dimikira rataurwa mundima, tinoitora sezvairi.

Unotarisirwa kushandisa mavara makuru paakakodzera kana uchipindura mibvunzo yenzwisiso. Mavara makuru anoshandiswa pamazita evanhu, mitupo nezvidao, mazuva evhiki, mazita erukudzo, mazita emwedzi yegore nemazita enzvimbo semuenzaniso:

- a Amai vaRumbidzai vainzi VaChihera.
- b Akaenda kuHarare nedutavanhu.
- c Wainge uri musu weChitatu.
- d Akange akateerera dzimudzangara naTawanda.
- e Mbuya vake vanoera Mbizi.

Paunenge wanzi utsvake zvinoreva izwi, unofanira kuverenga mutsara une izwi iri mundima wofunga kuti ringarevei semashandisirwe arakaita mundima. Zvibodzwa zvinenge zviri mberi kwemubvunzo wega wega.

Pfupiso

- Unokurudzirwa kuverenga mubvunzo wepfupiso unzwisise kuti unodei. Verenga ndima uchinyora pfungwa huru dzawabvunzwa. Zvino chibatidza pfungwa idzi uchidziisa mundima. Paunonyora pfupiso yako, ngwarira zvimiso.
- Mupfupiso hamubvumidzwi kuiswa zvirungamutauo zvakaita setsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo uye enzaniso. Pfupiso inofanira kunge iri mundima imwe chete.
- Haufaniri kudarika mazwi awakanzi unyore mupfupiso. Mazwi aya anenge ari pamubvunzo. Pfupiso inotarisirwa kuve nemazwi makumi matatu nemashanu. Kana wapedza kunyora pfupiso, verenga mazwi awanyora woratidza uwandu hwemazwi aya muzasi mepfupiso seizvi: (Mazwi: Makumi matatu nemashanu).
Izvi hazvimanikidzwi kunyora kana kusanyora hazvibisi kana kuwedzera zvibodzwa.
- Unokurudzirwa kudzikorora basa rako, kana nguva ichikutendera, uchigadzirisa mhosho.
- Haufanire kuzvipinza munyaya. Pfupiso ngairatidze kuti uri kutaura zvakaitwa nemunhu ari munyaya.

Chiitwa 1

Musoro webasa: Kukosha kwekuremekedzana sevadzidzi pachikoro.

1. Kuonekwa kwedambudziko (Mamakisi 5)

1.1 Tsananguro yedambudziko rakaonekwa.

Pachikoro pane dambudziko rekusaremekedzana pakati pevadzidzi. Vamwe vadzidzi vanotuka vamwe, kuseka vamwe, kusateerera vadzidzisi. Dambudziko iri rinokonzero kusagadzikana mupfungwa nekuderera kwedzidzo kuvana.

1.2 Chirevo chipfupi chechinangwa

Basa iri rakanangana nekusimudzira kuremekedzana pakati pevadzidzi kuitira kuti pachikoro pave nerunyararo uye kudzidza kunobudirira.

1.3 Zvinodiwa

- (a) Kutsvaga zvinokonzero kuti vana vasaremekedzane.
- (b) Kutsvaga kukosha kwekuremekedzana.
- (c) Kupa nzira dzinokurudzira kuremekedzana.

2. Kuongorora pfungwa dzakafanana (Mamakisi 10)

2.1 Humbowo hwepfungwa dzakafanana

- (a) Pfungwa yekutanga ndeyekudzidzisa hunhu kubudikidza nezvidzidzo zvekutaura nekudzora vana.
- (b) Pfungwa yepiri kushandisa mitambo yemadhirama inoratidza kukosha kwekuremekedzana pakati pevadzidzi.
- (c) Pfungwa yechitatu kushandiswa kwemisangano yekuraira inoitwa nevadzidzisi kana vakuru vechikoro.

2.2 Kuongorora pfungwa dzacho

Pfungwa yekutanga

Zvayakanakira

- (a) Inodzidzisa vana hunhu hwakanaka.
- (b) Inobatsira vadzidzi vazhinji panguva imwe.

Zvayakaipira

- (a) Vamwe vadzidzi havateereri zvakanakwana.
- (b) Inoda nguva yakawanda.

Pfungwa yechipiri

Zvayakanakira

- (a) Inofadza vadzidzi.
- (b) Inonzwisiswa nyore.

Zvayakaipira

- (a) Inoda kugadzirira kwakanakwana.
- (b) Inotora nguva refu.

Pfungwa yechitatu

Zvayakanakira

- (a) Inopa mukana wekutora zvakanakunguka.
- (b) Vana vanogona kuwana mukana wekubvunza nekupindurwa.

Zvayakaipira

- (a) Inobata vadzidzi vashoma.
- (b) Inogona kusatorwa zvinye hanya nevamwe.

3. Kugadzirwa kwepfungwa dzemhinduro (Mamakisi 10)

3.1 Humbowo hwemhinduro dzingaitwe

- (a) Kugadzira chikwangwani chinodzidzisa kukosha kwekuremekedzana.
- (b) Kushevedza vanhu vane mukurumbira kuti vataure nevana pamusoro pekuremekedzana.
- (c) Kunyora bhuku diki rinodzidzisa vadzidzi nezvekuremekedzana.

3.2 Zvakanyakira mhinduro imwe neimwe

Mhinduro yekutanga

- (a) Chinoonekwa nevadzidzi vose.
- (b) Chinorangaridza vadzidzi nguva dzose.

Mhinduro yepiri

- (a) Vana vanoteerera mashoko emunhu wavanofarira.
- (b) Kana ari muimbi vana vanodzidza mukunakidzwa nenziyo.

Mhinduro yetatu

- (a) Inoshandiswa nevana vakawanda.
- (b) Inodzidzisa zvakadzama.

3.3 Zvakaipira mhinduro imwe neimwe

Mhinduro yekutanga

- (a) Chinogona kuparadzwa vamwe vasati vaiona.
- (b) Chinopa ruzivo rwushoma.

Mhinduro yepiri

- (a) Vane mukurumbira vanoda mari kuvashevedza.
- (b) Vamwe vanogona kusafarira anenge ashevedzwa.

Mhinduro yetatu

- (a) Vamwe vana vane nungo yekuverenga.
- (b) Inoda mari yekudhinda.

4. Kusimudzirwa kwepfungwa yasarudzwa (Mamakisi 10)

4.1 Mhinduro yakasarudzwa ndeyekugadzira chikwangwani chinodzidzisa kukosha kwekuremekedzana.

4.2 Zvikonzero zvesarudzo

- (a) Chikwangwani chinoonekwa nevadzidzi vose zuva nezuva.
- (b) Chikwangwani chiri nyore kugadzira uyezve hapana zvinoda kutengwa zvakanyanya.

4.3 Kuvandudzwa kwepfungwa

- (a) Kushandisa mifananidzo inobata pfungwa.
- (b) Kuisa chikwangwani panzvimbo dzinoonekwa.

4.4 Kurongeka kwekupedzisira

Chikwangwani chakagadzirwa zvakajeka uye zvakarongeka.

5. Kuratidzwa kwemhinduro yekupedzisira (Mamakisi 10)

5.1 Chinhu chinoonekwa

Chikwangwani chinoratidza kukosha kwekuremekedzana sevadzidzi pachikoro.

5.2 Chigadzirwa

Chikwangwani chakagadzirwa pachishandiswa mapepa nemashoko eShona akajeka.

6. Kuongorora nemazano (Mamakisi 5)

6.1 Kuongorora kuchinangwa

Chikwangwani chinobatsira kusimudzira kuremekedzana uye kuderredza kusawirirana pachikoro.

6.2 Zvimhingamupinyi zvakasanganikwa nazvo

- (a) Dambudziko rekushaya zvinhu zvekushandisa rakapedzwa nekushandisa zvinhu zviri pachikoro.
- (b) Dambudziko renguva rakagadziriswa nekuita zvinhu pachitevedzerwa chironzwa chenguva.

6.3 Mazano

- (a) Kuwedzera zvinyorwa nemifananidzo yakawanda pachikoro.
- (b) Kushandisa mitambo kutsigira chikwangwani.
- (c) Kuramba pachiyechidzwa vadzidzi nguva dzose.

Chitsauko 2

Kuumbwa kwemutauro

1 Tsumo

Tsumo mutauro wakadzama une ungwaru pamusoro pezvokasiyana-siyana zveupenyu. Pasichigare tsumo dzaishandiswa zvikuru pakuraira, kutsiura uye dzaiva chombo chekutonga matare.

Heinoi mienzaniso yetsumo:

- a Ihwiza yomutenda inogochwa yakabatwa gumbo.
- b Apunyaira haashayi misodzi.
- c Kure kwegava ndokusina mutsubvu kune mutsubvu rinofa rasvika.
- d Kare haagari ari kare.
- e Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.

A Kuzadzisa tsumo

Zadzisa tsumo idzi.

- 1 Mombe yetsiru _____.
- 2 _____ mvura yeguchu haiorerwi.
- 3 Chitiyo kupinda muzai _____.
- 4 _____ zizi harifi nemhepo.
- 5 Chimedza matore _____.
- 6 _____ rinozosimudza musoro rawana.
- 7 Chidembo hachivhiyiwi _____.
- 8 _____ unovinga shiri.
- 9 Mapudzi anowira _____.
- 10 _____ chareva.

B Tsumo dzinoreva zvakafanana

Tsumo dzinogona kureva zvakafanana, sokuti:

- a Tsapata rukukwe hazvienzani nekurara pasi. – *Ane ganda ane nyama hazvienzani neasina.*

7 pfeka	nhopi
8 bika	mhuka
9 menya	zvira hwe
10 dudzira	nzungu

8 Mazwi anoreva zvakasiyana, zvakafanana uye anopikisana

A Mazwi anoreva zvakasiyana asi achinyorwa zvakafanana

Aya mazwi anenge achipereterwa zvakafanana asi achireva zvakasiyana. Musiyano wemazwi aya unoonekwa mumadanirwo awo uye mune zvaanoreva, semuenzaniso:

- a mwedzi
 - Mwedzi wabuda mudenga.
 - Mwedzi wekutanga wegore unonzi Ndira.
- b chema
 - Usarega mwana achichema.
 - Parufu takabvisa chema.
- c gomba
 - Baba vachera gomba.
 - Akabatwa aine gomba.
- d gura
 - Gura sipo iyi nebanga.
 - Gura munda wakamborimwa.
- e dare
 - Ngatifambisei, dare rarira.
 - Zuva rovira mambo vane dare.

Umba zvirevo zvinoratidza musiyano wemazwi ari pazasi.

- | | |
|---------|----------|
| 1 kura | 6 nyika |
| 2 bura | 7 para |
| 3 bara | 8 imba |
| 4 mhara | 9 marara |
| 5 nzara | 10 chera |

Zadzisa zvirevo izvi nezwi rakakodzera.

- 1 Mai vaka _____ imbwa nerushamu.

11 Tsika dzedu

Mutsika nemagariro eVaShona, ukama hunokosheswa zvikuru. Ukama hunoubwa nemitupo, kuroorerana uye kugarisana. Tinogona kuumba zvirevo zveukama seizvi:

- a Murume akaroora hanzvadzi yako unomuti mukuwasha.
- b Mwana wehanzvadzi yako unomuti muzukuru.
- c Baba vanoti muroora kumudzimai wemwana wavo.
- d Mai vababa tinovati ambuya.
- e Hanzvadzi yamai ndisekuru.



Ukama

Sarudza mhinduro yakakodzera.

- 1 Mukadzi anoti _____ kuna amai vemurume wake.
A. vatete B. amai C. vamwene D. mbuya
- 2 Munin'ina wababa ndi _____.
A. babamukuru B. babamunini C. sekuru D. mukuwasha
- 3 Murume anoti _____ kune hanzvadzi yemudzimai wake.
A. mukuwasha B. hanzvadzi C. munin'ina D. tezvara
- 4 Musikana anoti _____ kune mukadzi wehanzvadzi yake.
A. muroora B. muramu C. mbuya D. vatete
- 5 Mukadzi anoti _____ kumunin'ina wemurume wake.
A. babamukuru B. tsano C. muramu D. sekuru
- 6 Mukoma waamai vako ndi _____.
A. maiguru B. mainini C. ambuya D. vatete
- 7 Mudzimai akakubereka unomuti _____.
A. amaiguru B. vatete C. ambuya D. amai
- 8 Murume anoti _____ kumudzimai wehanzvadzi yemudzimai wake.
A. amai B. vatete C. mbuyawasha D. mainini
- 9 Hama yechirume yakafa kare unoiti _____.
A. bambo B. tateguru
C. mbuyawasha D. hanzvadzi
- 10 Munin'ina wababa vababa vako ndi _____.
A. tsano B. tateguru
C. bambo D. sekuru

Pedzisa sepaukama hwedu.

- 1 Musikana anoti _____ kune mwanakomana wehanzvadzi yaamai vake.
- 2 Mukomana anoti _____ kune mwanasikana wehanzvadzi yaamai vake.
- 3 Vakadzi vakaroorwa pamusha umwe chete asi umwe neumwe ane murume wake vanonzi _____.
- 4 Mukomana anoti _____ kune murume akaroora tete vake.
- 5 Musikana anoti _____ kune mwana waamai vake mukomana.
- 6 Murume anoti _____ kune mwanasikana wehanzvadzi yemudzimai wake.
- 7 Mudzimai akaroora nemwanakomana wemwana wako unomuti _____.
- 8 Mukadzi anoti _____ kune munin'ina wababa vemurume wake.
- 9 Murume anoti _____ kuhanzvadzi yababa vemudzimai wake.
- 10 Munhu wausina ukama naye anonzi _____.

B Mitupo nezvidau



Shiri – Hungwe

Mitupo inoumba ukama paVaShona. Inoubwa nemazita emhuka, ezvipuka uye nhengo dzemuviri, semuenzaniso:

- a Gumbo – Madyirapanze
- b Moyo – Chirandu
- c Gwai – Machuma / Mukuruwambwa

Zadzisa nemutupo kana chidau.

Mutupo	Chidau
1 Shava	_____
2 _____	Mukanya
3 Shumba	_____
4 _____	Dehwa
5 Mbizi	_____
6 _____	Sipambi
7 Nzou	_____
8 _____	Dhliwayo
9 Dziva	_____
10 Tsivo	_____

Chiitwa 2

Musoro webasa: Kurudziro yekuteerera nekutaura neChiShona kuvadzidzi veGwaro reChinomwe.

1. Kuonekwa kwedambudziko (Mamakisi 5)

1.1 Tsananguro yedambudziko rakaonekwa

Vadzidzi vazhinji veGwaro reChinomwe vari kuita dambudziko rekuteerera mashoko akataurwa, kutevedzera zvavanenge vataurirwa nekupfupisa zvavanenge vanzwa.

1.2 Chirevo chipfupi chechinangwa

Basa iri rakanangana nekusimudzira kuti vadzidzi vavandudze unyanzvi hwavo hwekuteerera.

1.3 Zvinodiwa

- Kukosha kwekuteerera.
- Kupa nzira dzinokurudzira vadzidzi kuteerera.
- Kupa zvawanikwa nekushandisa mutauro weChiShona.

2. Kuongorora pfungwa dzakafanana (Mamakisi 10)

2.1 Humbowo hwepfungwa dzakafanana

- (a) Pfungwa yekutanga ndeyekuverenga nyaya mudzidzisi achishevedzera.
- (b) Kupindura mibvunzo vachitaura mushure mekuverenga kana kuteerera nyaya.
- (c) Kuteerera nekunyora mashoko ataurwa.

Pfungwa yekutanga

Zvayakanakira

Kuteerera nyaya zvinobatsira kuti mudzidzi agadzikane nekunzwisisa.

Zvayakaipira

Kana muverengi akasaverenga zvinofadza vadzidzi zvinobvisa chidokwa-dokwa chekuramba vachiteerera nyaya.

Chitsauko 4

Nzwisiso nepfupiso

Nzwisiso chidzidzo chinoita kuti mudzidzi anzwisisa zvaanenge averenga agokwanisa kupindura mibvunzo. Nzwisiso inogona kuve nyaya, nhetembo, tsamba, hurukuro, mepu, girafu kana zvimwewo zvinyorwa zvakasiyana-siyana.

Yeuchidzo

Maitirwo enzwisiso ndeaya:

- 1 Verenga ndima katatu. Kekutanga ndekekunzwa zvinoreva nyaya. Kechipiri ndekekuti unzwisisa nyaya iyi nemibvunzo irimo. Kechitatu unenge wava kutsvaka mhinduro dzemibvunzo.
- 2 Mhinduro dzako ngadzijekese zvinodiwa nemubvunzo kwete kupoterera usingabudi pachena.
- 3 Isa manhamba sezvaari pabepa remibvunzo kwete kunyora zvako wega. Ronga mhinduro dzako dzichipindirana nenhamba dzemibvunzo.
- 4 Pindura mibvunzo nezvirevo zvakazara.
- 5 Tanga chirevo nevara guru wopedzisa chirevo nechimiso.
- 6 Kana uchidoma zvinhu zvinodarika zviviri isa chifemo (,) sokuti: Mwana akauya naamai, baba, ambuya nasekuru.
- 7 Nyora zviperengo zvakanaka. Mazita ari mundima ngaanyorwe sezvaari mundima kwete kushandura zviperengo.
- 8 Ziva batanidzo nepatsanuro yemazwi ugonyora mazwi zvakanaka.
- 9 Panenge pachida kutsanangura izwi, tsumo, nyaudzosingwi kana dimikira shandisa mazwi ako pachako zvichienderana nemubvunzo.
- 10 Nyora basa rakachena uye kana wapedza dzokorora basa rako uchigadzirisa mhosho.
- 11 Hatipindure mubvunzo wenzwisiso nechirungamutauro kunze kwekunge chakabvunzwa.

Nzwisiso yenyaya

Muenzaniso wenzwisiso ndeuyu:

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo nezvirevo zvakazara.

Kubva zvaschaya amai nababa vake mutsaona yedutavanhu Ruvarashe haana kuzogara hupenyu hwaaishuwira zvinhu zvose zvakashanduka akange ava nherera mukubwaira kweziso. Kuva nherera kunosiririsa. Nherera zhinji dzinoshungurudzwa nevanenge vachigara nadzo. Pamwe vanoshandiswa mabasa asiri ezera ravo, vanonyimwa zvokudya, havaendeswi kuchikoro uye vamwe vanogara vachirohwa senyoka yapinda mumba.

ZIMBABWE GRADE SEVEN EXAMINATIONS

CHISHONA

PAPER 1: Multiple Choice

7040/1

SPECIMEN PAPER

1 hour 30 minutes

Nguva: Awa rimwe nemaminitsi makumi matatu.

MIRAIRO KUVANYORI

1. Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
2. **Usavhura** bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.
3. Shandisa penzura yemhando ye**HB** chete pane zvose zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
4. Kwizira **chibhokisi chimwe chete chinomirira** mhinduro sezvakaitwa pamucherechedzo uri pamusoro pebepa rokupindurira.
5. Kana waona kuti wakanganisa, **dzima zvipere zvose** wozokwizira pane mhinduro yakanaka.
6. Ukakwizira mabhokisi maviri kana kudarika unenge watadza.
7. Kana **usina kunzwisisa mirairo iyi, bvunza mudzidzisi** akutsanangurire usati watanga kunyora.
8. Pindura mibvunzo **yose** pabepa rekupindurira mibvunzo.

Pepa iri rine mapeji gumi akanyorwa nemapeji maviri asina chinhu.

[Enda kuseri]

BVUNZO**1****CHISHONA 7040/1****PEPA 1****NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI
MATATU****MIRAIRO KUVANYORI**

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

YEUCHIDZO KUVANYORI

1. Dzikamisa hana yako uchiziva kuti bvunzo idzi dzinobva muzvidzidzo zvamakadzidza. Usavhunduka.
2. Verenga mirairo yose iri pabepa remubvunzo usati wapindura mibvunzo.
3. Pausina kunzwisisa mirairo bvunza mudzidzisi.
4. Kana wanzi uchivhura bepa rebvunzo chimboongorora bvunzo yose uchiona kuti mibvunzo yacho yakamira sei.
5. Panenge pane nzwisiso verenga katatu wozopindura mibvunzo yako uchiitsvaka mundima yawapiwa.
6. Tsvaga mhinduro inokodzera pane dzakapiwa wokwizira nepenzura zvinyoro-nyoro pabepa rokupindurira mibvunzo rawapiwa. Ona kuti zviri kuenderana nhamba yemubvunzo neyemhinduro.
7. Kana wapedza kukwizira zvinyoronyoro dzokorora basa rako zvine udzamu uchigadzirisa pawakanganisa. Pausina chokwadi napo pasiye.
8. Dzokorora nhamba dzausina chokwadi nadzo uchibva wakwizira.
9. Dzokorora basa rako uchiona kuti nhamba dzose dzakakwizirwa nemhinduro chaiyo.
10. Ona kuti basa rako rakachena, harina tsvina.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Chiremba ane mukurumbira Professor Solomon Chose vakakurudzira kupihwa mazano zvakasimba kune vechidiki senzira yekudzoreredza hunhu hwavo. Mashoko aya vakaataura pamhemberero yekodzero yevechediki. VaChose vakaenderera mberi vakati, ongororo yakaitwa yakaburitsa pachena kuti vechidiki vanofanirwa kuita zvechikoro uye vozvichengetedza kuti vasabatwe nezvirwere zvepabonde.

Vakuru vezvikoro muBulawayo vaivapo pagungano iri vakati vana vechidiki vakawanda havachakoshese nyaya yekuzvichengetedza. Vakaenderera mberi vachiti vana vakawanda vari kusiira chikoro panzira nemhaka yekuti vanenge vabata pamuviri.

Mumwe wevadzidzisi akabvunzwa akapa pfungwa dzake achiti, “Vana vazhinji vanomhanyira kuita dzimba ivo vari pwere. Ichi chinhu chinoshungura vabereki zvikuru sezvo imba isiri nyore kuita. Unoona kamwana kano kacheche kanobuda mukaka pamhino kachiti kanoda kuroora kana kuroorwa. Vana vazhinji vari kunyengedzwa nokusaziva kuti kubva zera zvinorevei. Haasi makore chete anoverengwa kuti munhu anzi abva zera. Chinoverengwa kuti munhu anzi abva zera ipfungwa dzokuru dzinenge dzava nomunhu kuti agone kuzvimirira.”

VeZimbabwe Council of Churches vakamirira makereke ose omuZimbabwe vakatsinhira vachiti vechidiki vava kukoshesa rusununguko rwavo, vakawana mari vari kuita zvavanoda ivo zvinofadza nyama dzavo. Vakati pamusoro pazvose vanokurudzira kuti vawane gwara rakanaka muhupenyu kubudikidza nekunamata.

Madzimambo aiva akokwa pagungano vakaratidza chinya chiri pahumha vachiti kusateerera kwevana kwave kuuraya tsika nemagariro echinyakare zvakonzera kusanaya kwemvura. Vakaendera mberi vachikurudzira anasekuru nanatete kuti varambe vachiita basa ravo rekudzidzisa vazukuru tsika nehunhu.

Vamwe vabereki vakatsinhirawo vachiti nharembosha dzevechidiki dzanyanya kuvhiringidza dzidzo yavo. Vakakurudzira vana kuti vashandise michina iyi kutsvaga ruzivo rwechikoro panzvimbo pekuita zveunzenza nevanhu vavasingazive.

Pakupedzisira, Professor Chose vakayeuchidza vana kuti ramangwana renyika riri mumaoko avo. Vakati kana vakaomerera patsika nehunhu hwakanaka, vachazova vatungamiri vane ruzivo neruremekedzo munyika yeZimbabwe.

- Vana vechidiki vari kurudzirwa kuti vaite sei?

A. Kutyora kodzero yavo.	B. Kuva nehunhu hwakanaka.
C. Kusatendeka	D. Kuva nhinhi.
- Njodzi iri kusangana nevana munyaya ndeye _____.

A. kusagona muchikoro	B. kuzvichengetedza
C. zvirwere zvepabonde	D. kushaya mushonga muzvipatara
- Sei vana vari kusiira chikoro panzira?

A. Kushaya mari yechikoro.	B. Vanenge vatsika mwedzi.
C. Vanoda kuzvichengetedza.	D. Havachagone kunamata.
- Vanhu vangani vakapa pfungwa dzavo vakamirira mapato akasiyana-siyana?

A. Vatatu	B. Vaviri
C. Vana	D. Vashanu
- Kutanga imba kunoda _____.

A. kukura mupfungwa	B. kugona kunamata
C. kuzvichengetedza	D. kutenga zvidyiwa
- Vana vakawanda havachapedza chikoro nekuti _____.

A. vanenge vakura	B. vakavenga vadzidzisi
C. vazhinji vanenge vava nedzimba	D. kusada zvavo

Chipo: Zvirokwazvo. Mudzidzisi wedu akambotidzidzisa kuti kutemwa kwemiti kwakanyanya. Akati kana miti ikaramba ichitemwa pasina kudyarwa mimwe, zvinogona kukonzera kuparara kwezvakatipoteredza.

Tawanda: Ndiri kuyeuka chidzidzo ichocho. Mudzidzisi akati miti ine basa guru pakuchengetedza ivhu. Kana miti yakatemwa, ivhu rinogona kutakurwa nemvura kana nemhepo, zvichiita kuti minda isabereke zvakanaka.

Rudo: Miti inobatsira kuchengetedza mvura. Kana miti ikashomeka, nzizi nematsime zvinogona kuoma nekuti miti inobatsira kuti mvura irambe iri mvhu.

Chipo: Ndicho chikonzero nei zvakakosha kuti vanhu vadzidze kukosha kwemiti. Dzimwe nguva vanhu vanotema miti nekuti havana dzimwe nzira dzekuwana zvekubikisa. Vanoshandisa huni kana marasha.

Tawanda: Asi handiti kune dzimwe nzira dzinogona kushandiswa? Semuenzaniso, kushandisa gasi kana magetsi pakubikisa?

Simba: Hongu, asi dambudziko nderekuti vamwe vanhu havakwanisi kutenga magetsi acho. Ndokusaka vachisarudza kushandisa huni kana marasha.

Rudo: Zvinoreva kuti tinofanira kutsvaga nzira dzekudzivirira kutemwa kwemiti asi tichifungawo nezvepenyu hwevanhu vari munharaunda.

Chipo: Chimwe chinhu chatingaita kudyara miti. Kana muti mumwe watemwa, mumwe unofanira kudyarwa. Izvi zvinobatsira kuti masango arambe aripo.

Tawanda: Izvozvo zvakanaka. Zvikoro zvinogona kutanga mabasa ekudyara miti. Vadzidzi vanogona kuenda kunzvimbo dzakasiyana vachidyara miti. Kana vanhu vakaziva kukosha kwemiti, vachatanga kuichengetedza.

Simba: Saka tese ngatishandei pamwe chete kuti masango edu arambe aripo.

Rudo: Ngatidyarei miti yakawanda uye tidzidzise vamwe kukosha kwekuchengetedza zvakatipoteredza.

Chipo: Kana tikaita izvi, ramangwana redu richava rakanaka uye nyika yedu icharamba iine masango akasimba.

Vana ava vanoparadzana vatenderana.

15. Nhaurirano iri pamusoro pechii?

- | | |
|-----------------------|------------------------------------|
| A. Kurima chibage. | B. Kutemwa kwemasango munharaunda. |
| C. Mitambo yechikoro. | D. Kuvaka dzimba. |

16. Chii chinoitika kuivhu kana miti ikatemwa?

- | | |
|-------------------------|---------------------------------|
| A. Rinowedzera chikafu. | B. Rinokukurwa nemvura nemhepo. |
| C. Rinokudza mbeu. | D. Rinowanda |

17. Chimwe chikonzero chakataurwa chekuti vanhu vateme miti ndechei?

- | | |
|---------------------|-----------------------------|
| A. Kutamba | B. Kuwana huni dzekubikisa. |
| C. Kutenga zvipeko. | D. Kuvaka zvikoro. |

18. Kutemwa kwemasango kunogona kukonzera chii?
 A. Kuwedzera kwemvura. B. Kuparara kwevhu.
 C. Kuwanda kwemiti. D. Kuwedzera kwemhuka.
19. Ndeipi nzira yakataurwa yekuderedza kutemwa kwemasango?
 A. Kutema mimwe miti. B. Kudyarwa kwemiti mitsva.
 C. Kurasa marara. D. Kuvhara migwagwa.
20. Ndeipi imwe nzira yataurwa yekuderedza kushandiswa kwehuni?
 A. Kushandisa magetsi. B. Kushandisa mapepa.
 C. Kushandisa mvura. D. Kushandisa matombo.
21. Vadzidzi vakakurudzira kuti chikoro chingaita chii?
 A. Kutema miti. B. Kuronga zuva rekudyara miti.
 C. Kuvhara chikoro. D. Kutenga mabhuku.
22. Kuchengetedza miti kunobatsira chii?
 A. Kuparadza zvakatipoterredza.
 B. Kuchengetedza zvakatipoterredza neramangwana.
 C. Kuderedza mvura.
 D. Kuparadza masango.

ZADZISA NEZWI RAKAKODZERA.

23. Musikana achangobva zera anonzi _____.
 A. ndumurwa B. tsikombi
 C. mbonga D. bunha
24. Mbudzi inourairwa musikana atiziswa nemhuri yemurume wake inonzi _____.
 A. chiuchiro B. nhunzvi C. nhumburamasoso D. chimandamanda
25. Kukumbira moto wekune imwe imba kunonzi _____.
 A. kuvesa B. kugoka C. kutungidza D. kutungidzirana

ISA IZWI RAKATARWA MUUZHINJI.

26. Vakafunga kuti imbwa dzaihukura chikara.
 A. chikara B. mazikara C. zvikara D. tukara
27. Ndakaona inga ndisahwira wangu.
 A. zvisahwira B. madzisahwira C. tusahwira D. sawhira

VERENGA NHETEMBO IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Soko – Vhudzijena

Ewoi Soko,
 Vhudzijena, Mukanya

Hekanhi Mbereka
Makwiramiti, mahomu-homu
Vanopona nekuba

Vanamushamba negore
Makumbo mana muswe weshanu
Hekani Soko yangu yiyi
Vakaera mutupo umwe nashe

Vana VaPfumojena
Vakabva Guruuswa
Soko Mbire yaSvosve
Vanobva Hwedza

Vapfuri vemhangura
VekuMatonjeni vanaisi vemvura
Zvaitwa matarira vari mumabwe
Mhanimani tonodya, svosve tichobovera

Maita zvenyu rudzi rukuru
Matangakugara
Vakawana ushe neuchenjeri
Vakufamba hujeukidza kwandabva

Pagerwe rinongova jemedzanwa
Kugara hukwenya-kwenya
Vari mawere maramba kurima
Vamazvikongonyadza kufamba hukanyaira

Zvibwezvitedza, zvinotedzera vari kure
Asi vari padyo vachitamba nazvo
Zvaitwa Mukanya rudzi rusina chiramwa
Maita vari Makoromokwa, Mugarandaguta
Aiwa zvaonekwa Vhudzijena.

28. Nhetembo iyi iri pamusoro pe _____.

- | | |
|----------------------------|-------------------------------|
| A. kupfimbana kwevechidiki | B. mutupo nezviera zvekwaSoko |
| C. uipi hwekuba muminda | D. kurima mumawere |

29. Mudetembo iri, Soko anonzi “Vapfuri ve _____.”

- | | |
|-------------|------------|
| A. mhangura | B. mapfumo |
| C. mapfihwa | D. uta |

30. Shoko rokuti “Vhudzijena” rinoshandiswa kureva _____.
 A. munhu achembera B. mvere chena dzinowanikwa patsoko
 C. sora rakaoma D. makore ari kudenga
31. Detembo rinoti rudzi urwu rwakawana ushe hwarwo nekuda kwe _____.
 A. hondo nesimba B. uchenjeri
 C. mhanza yakanaka D. kupfuma nezvekuba
32. Munyori anoti mhuka iyi ine “Makumbo mana muswe we _____.”
 A. gumi B. shanu
 C. pfumbamwe D. nhanhatu
33. Chirevo chokuti “Vanopona nekuba” chinoreva maitiro e _____.
 A. mbavha dzevanhu B. tsoko dzinotora zvirimwa
 C. vashandi vepamushika-shika D. vanhu vanokwereta vasingadzurure
34. Nhetembo inoti vari kure vanotedzerwa ne _____.
 A. matombo emvura B. zvibwezvitedza
 C. mawere marefu D. miti inotedza
35. Mushure mekuita zvakanaka, mutauri anoti: “Aiwa zvaonekwa _____.”
 A. Mukanya B. Vhudzijena
 C. Svosve D. Pfumojena

ZADZISA NEZWI RAKAKODZERA.

36. Izwi rokuti “Kukwenya-kwenya” rinoshandiswa munhetembo iyi kuratidza _____.
 A. kuchenjeresha kwevanhu B. maitiro emhuka inonzi tsoko
 C. kurwadziwa nemuviri D. kugeza mumvura
37. Dimikira rokuti “kufamba hukanyaira” rinoreva kufamba uchiratidza _____.
 A. kuzvirumbidza kana kudada B. kukurumidza nekutya
 C. kuremerwa nezvinhu D. kurwara nemakumbo

DUDZIRA ZVIRAHWE ZVINOTEVERA.

38. Kuenda humbangu kudzoka humbangu.
 A. mombe B. motokari C. sasa D. mugwagwa
39. Rakazvirova rikazhamba.
 A. gonhi B. jongwe C. shamhu D. benzi
40. Ndechipi chirevo chakanyorwa zvakanaka?
 A. VaMadombi vakati chiregai ndiende nemi kwasabhuku.
 B. VaMadombi vakati, chiregai ndiende nemi kwaSabhuku.
 C. VaMadombi “vakati chiregai ndiende nemi kwaSabhuku.”
 D. VaMadombi vakati, “Chiregai ndiende nemi kwasabhuku.”

ZIMBABWE GRADE SEVEN EXAMINATIONS

CHISHONA

7040/2

PAPER 2: Rondedzero neNzwisiso

SPECIMEN PAPER

Time: 1 hour and 45 minutes

Nguva: Awa rimwe nemaminitisi makumi matatu.

MIRAIRO KUVANYORI

1. Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
2. Shandisa chinyoreso che **Blue** kana **Black** pane zvole zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
3. Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako pabepa rega rega rokupindurira.
4. Pindura mibvunzo neChishona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
5. Kana ukashandisa mapepa anodarika rimwe emhinduro, unofanirwa kumasunganidza pamwe chete.
6. Kana **usina kunzwisisa mirairo** iyi, **bvunza** mudzidzisi akutsanangurire usati watanga kunyora.

Bvunzo iyi yakanyorerwa pamapeji matatu.

Specimen Paper

[Enda kuseri

BVUNZO

12

CHISHONA 7040/2

PEPA 2: RONDEDZERO NENZWISISO

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora **awa rimwe chete** pamubvunzo wokutanga uye **maminitsi makumi mana nemashanu** pamubvunzo wechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

1. Sarudza musoro mumwe chete kubva pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka rondedzero, hurukuro, tsamba kana mhan'arwa ine manzwi anosvika zana nemakumi maviri. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemanzwi zana nemakumi maviri.
 - (a) Nyora rondedzero pamusoro penyika yedu yeZimbabwe. [20]
 - (b) Nyora rondedzero pamusoro unoti: Musi wandakapona nepaburi retsono. [20]
 - (c) Nyora tsamba kumukuru webazi rinochengeta mhuka dzesango uchikumbira mvumo yekushanya. [20]
 - (d) Nyora tsamba kuhama yako iri kunze kwenyika uchiudza nhau dziri kuitika kumusha. [20]
 - (e) Nyora hurukuro pakati pevadzidzi vaviri vasiri kufara nekushungurudzwa kwavari kuitwa nevadzidzi vahombe pachikoro. [20]

2. Verenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yakapihwa nezvirevo zvizere.

Utunga imhando yetupukanana twunofamba twuri muzvikwata. Utunga hunonyanya kuwanda nguva yezhizha zvikuru panguva yekubuda zuva ndipo panobereka mazai acho. Twupuka utwu twunotakura utachiona hwemarariya. Chirwere ichi chikaregererwa munhu anoenda kwamupfiganebwe makatarisa. Zviratidzo zveimarariya zvinosanganisira kutemwa nemusoro nekupisa muviri. Pamwe pachu murwere anotanga kunzwa kuda kurutsa uyezve anenge asisina chido nekudya. Murwere anorukutika muviri uyezve anenge achipindwa nechando pamwe achimbopiswa opedzesera ava kubuda dikita.

Marariya inokwanisa kudzivirirwa nekutema uswa hwakatenderedza musha nekuti ndimo munonokandira mazai eutunga.

Fushirai makomba ose anogona kuchengeta mvura uyezve mabhotoro, mapoto nematayi matsaru zvinogona kushandiswa zvakare zvichiiswa ivhu rekudyarira maruva.

Makomba asingakwanisike kuvharika kana azara nemvura munotora oiri yakashanda kare mumotokari modira pamusoro. Oyiri inogara pamusoro pemvura izvo zvinotadzisa mazai eutunga kubereka. Pose panoita machakwi kana pari pedyo nemisha munokurudzirwa kudyara miti yemupuranga kuti mvura itize.

Kana uchifungidzira kuti wabatwa nemarariya tsvaga rubatsiro nekukurumidza, kana uchinge wapihwa mushonga tevedzera zvinodiwa kusvikira wati tsvai kupedza mushonga wese.

Mushonga ukaita mushoma marariya inodzoka nesimba rakanyanya. Kana uchishanya kunzvimbo dzinozivikanwa nechirwere chemarariya taura nachiremba anokupa mushonga wekudzivirira marariya.

Zvakakosha kuti vanhu vose vadzidziswe nezvekudzivirira marariya. Vana vanofanirwa kugara vakapfeka zvipfeko zvinovhara muviri wose uye kushandisa sipo dzine mushonga nekuita tsika dzakanaka pakurara, kunyanya kushandisa masiponji ane mishonga inokwanisa kudzinga utunga. Vanhu vanofanirawo kuchengetedza nharaunda dzavo dzakachena, kudzivirira mvura kumira mumakomba nekuti izvi ndizvo zvinonyanya kukwezva utunga.

Vanhu vanorwara nemarariya vanofanirwa kuzivisa vakuru vedunhu kana vezveutano kuti vatore matanho ekudzivirira kupararira kwechirwere. Chiremba anogona kupa mushonga unokwanisa kuderedza utachiona pamwe nekudzivirira kuti marariya isapararire kumhuri dzese. Zvinokurudzirwa kuti murwere awane mushonga wese sezvakatarwa kuti marariya irege kudzoka zvakare.

Kune zvipatara, zvikoro nemasangano anobatsira pakudzidzisa vanhu. Vanhu vanofanirwa kushanda pamwe chete nekuchengetedza nzvimbo dzavo dzakachena uye dzakavharika nekudzidzisa vana zvekupfeka zvakakodzera. Nenzira idzi, utachiona hwemarariya hunodzikira uye vanhu vanoramba vane hutano hwakanaka.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo iyi nezvirevo zvizere.

- (a) Ndeipi nguva inowanda utunga? [1]
- (b) Doma nyaudzosingwi imwe yakataurwa mundima. [1]
- (c) Chii chinotadzisa munhu kuti ashaye chido nekudya? [1]
- (d) Taura chinhu chimwe chete chingaitwe kudzivirirwa kubereka kweutunga. [1]
- (e) Chii chinoitika kana chirwere chemarariya chikaregererwa? [1]
- (f) **Pfupiso**

Mumazwi makumi matatu nemashanu, nyora pfupiso inotsanangura zvingadzidziswe vanhu vose kudzivirira marariya.

[5]

Chitsauko 2: Kuumbwa kwemutauru

1. Tsumo

A. Kuzadzisa tsumo

- | | | | |
|----|---------------------------|-----|------------------------|
| 1. | manhenda waikama | 6. | Rinonyenga rinohwarara |
| 2. | Yadeuka yadeuka | 7. | paruzhinji |
| 3. | huona mai | 8. | Hapana mukuyu |
| 4. | Chitipo charuraya | 9. | kusina hari |
| 5. | akadzipwa neganda remhuru | 10. | Chati homu |

B. Tsumo dzinoreva zvakanana

- | | | | |
|----|---|-----|---|
| 1. | D | 6. | D |
| 2. | D | 7. | A |
| 3. | B | 8. | C |
| 4. | C | 9. | B |
| 5. | B | 10. | D |

C. Tsumo dzinopikisana

- | | | | |
|----|---|-----|---|
| 1. | B | 6. | D |
| 2. | D | 7. | C |
| 3. | A | 8. | D |
| 4. | C | 9. | B |
| 5. | B | 10. | D |

D. Zvinoreva tsumo

1. Hapana mutunhu usina mago.
2. Kushora mbodza neinozvimbira.
3. Kudya chemuzvere kubata mwana.
4. Sango rinopa waneta.
5. Sakunatsa ndiye sakubaiwa.
6. Nhamo urimbo inonamira.
7. Chinokanganwa idemo asi chigutsa hachikanganwi.
8. Murombo haarovi chine nguwo.
9. Simba mukaka rinosinira.
10. Imbwa nyoro ndidzo tsengi dzamatoo.

Pepa 2

Bvunzo 1

1. Vana vanosarudza musoro werondedzero, tsamba, hurukuro kana mhan'arwa vonyora nemazwi zana nemakumi maviri.

(a) Nyora rondedzero pamusoro pehope dzawakarota dzikazoitika. [20]

- tsanangura hope dzacho
- tsanagura zvakazoitika zvinoenderana nehope
- sei hope idzi usingadzikananganwe

(b) Nyora tsamba kuhama yako iri kumhiri kwemakungwa uchiiizivisa nezverufu rwehama yako. [20]

- kero yacho imwechete
- zuva
- zvakakonzeresa rufo

- mavigirwo akaitwa hama
- zita remunyor

(c) Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana anototera vamwe vana zvekudya kuchikoro. [20]

- nhanganyaya
- vanhu vari kukurukura
- zvirikuitwa nemwana kune vamwe vana
- chitarafu chakapirwa

- mhedziso

(d) Nyora mhan'arwa kumukuru wemapurisa yemapazirwe akaitwa chitoto chenye nembavha. [20]

- Hunongedzo hwemhan'arwa
- zuva
- kuna
- nzvimbo
- musoro

- Zuva nenguva yakapazwa chitoto
- Zvakabiwa /zvakasara
- Kurudziro kumapurisa

(e) Rondedzera kukosha kwemiti. [20]

- Ipa zita remuti
- Hukoshwa hwacho kumhuka nekuvanu
- mhedziso

2.

(a) Musha unogara nyuchi unonzi mukoko.

(b) Pataurwa nzvimbo ina dzinogona kugara nyuchi.

(c) Musiyano uripo ndewekuti mambobakadzi ndivo nyuchi huru uye ndivo vanokandira mazai, asi dzimwe nyuchi dzinoita mamwe mabasa akadai sekushanda kana kuva masoja.

1. Vana vanosarudzwa musoro werondedzero, tsamba, hurukuro kana mhan'arwa vonyora nemazwi zana nemakumi maviri.
 - (a) Nyora rondedzero pamusoro penyika yedu yeZimbabwe. [20]
 - Hutungamiri wenyika.
 - Zvirimwa zvinorimwa munyika.
 - Zvicherwa zvinowanikwa.
 - Kunobva hupfumi hwenyika.
 - Nzvimbo dzinoyevedza munyika.
 - (b) Nyora rondedzero pamusoro unoti: Musi wandakapona nepaburi retsono. [20]
 - Zuva racho.
 - Kuponwa kwakaitwa.
 - Kusungwa nedambudziko.
 - Kubuda munjodzi kwakaitika.
 - (c) Nyora tsamba kumukuru webazi rinochengeta mhuka dzesango uchikumbira mvumo yekushanya. [20]
 - Nhuriro yetamba yebasa.
 - Chikonzero chekunyora tsamba.
 - Zuva rekushanya.
 - Vanhu varikuuya.
 - Mazuva achagarwa vachishanya.
 - (d) Nyora tsamba kuhama yako iri kunze kwenyika uchiiudza nhau dziri kuitika kumusha. [20]
 - Nhuriro yetamba yeshamwari / kero
 - Nhau dziri kuitika.
 - Ndufu
 - Michato
 - Bira
 - Kurova makuva.
 - (e) Nyora hurukuro pakati pevadzidzi vaviri vasiri kufara nekushungurudzwa kwavari kuitwa nevadzidzi vahombe pachikoro. [20]
 - Nhanganyaya
 - Vatambi varikutaura.
 - Kushungurudzwa kuri kuitwa.
 - Zviri kuitwa kupedza dambudziko.
2.
 - (a) Utunga hunowanda panguva yezhizha, zvikuru panguva yekubuda kwezuva.
 - (b) Tsai
 - (c) Chinotadzisa munhu kuti ashaye chido nekudya kubatwa nemarariya.
 - (d) Chimwe chingaitwa kudzivirira kubereka kweutungwa kutema uswa hwakakatenderedza musha.
 - (e) Kana chirwere chemarariya chikaregererwa, murwere anorukutika muviri, anopindwa nechando, uye marariya inodzoka nesimba rakanyanya.